

Pou Piblikasyon Imedya: 06/02/2019

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

## GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE 15 MILYON DOLA FINANSMAN POU KONPETISYON AKSELERATÈ LUMINATE NY LA NAN ROCHESTER

*Gen lòt èd finansye ki pral soutni twa lòt tou nan konpetisyon optik, fotonik ak imajri inovatè a*

*Investisman an ap Konplemannte Inisyativ “Finger Lakes Forward” lan – ki se Estrateji Global Rejyon an pou Revitalize Kominote yo ak Devlope Ekonomi an*

Jodi a, Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse yo mete 15 milyon dola finansman anplis disponib pou soutni twa lòt tou nan konpetisyon akseleratè biznis Luminatè NY la nan Vil Rochester. Konpetisyon inovatè sa a konsantre sou endistri optik, fotonik ak imajri a (optics, photonics and imaging, OPI) epi se NextCorps, ki chita nan Sibley Square nan Zòn Inovasyon Anbalavil (Downtown Innovation Zone) Rochester a, k ap jere li.. Luminatè NY ap soutni inovatè yo te chwazi yo pandan y ap devlope ide yo nan Rochester ak èd espesyalis nan endistri a, biznis, ak inivèsite lokal. Pwogram lan gen objektif pou l ede antreprenè ki enterese nan rezoud pwoblèm optik, fotonik ak imajri difisil yo, tankou men pa sèlman: vizyon atifisyèl, enspeksyon, biyofotonik, sekirite, siveyans, reyalyte ogmante ak vityèl, ak veyikil otònòm yo. Y ap ofri finansman pou pwogram Luminatè NY la atravè Inisyativ Revitalizasyon Rejyon Nò la (Upstate Revitalization Initiative) k ap mennen transfòmasyon, nan kad “Finger Lakes Forward”.

“Akseleratè Luminatè NY la ap pi byen simante repitasyon rejyon an kòm yon episant imajri ak optik pou tout peyi a”, **Gouvènè Cuomo te deklare.** “Investisman estratejik nan endistri ki fèk ap parèt sa a pral pouse kwasans nouvo biznis epi kreye opòtinite travay premye klas pou mendèv trè kalifye rejyon an pandan n ap kontinye fè Finger Lakes vanse.”

“Luminatè NY ap ede konpayi inovatè epi l ap fè teknoloji vanse nan Rochester ak lòt kote”, **Gouvènè Adjwen Kathy Hochul te deklare.** “Finansman anplis sa a pou konpetisyon an pral pote plis soutyen pou biznis yo epi devlope endistri wot teknoloji a, epi konsa kreye plis djòb epi pouse ekonomi an nan zòn lan. Nou pran angajman kontinye investisman nou yo nan endistri fotonik la epi nan fè Finger Lakes vanse.”

Dezyèm tou a nan konpetisyon akseleratè Luminatè NY la te kòmanse an Janvye. [Dis finalis yo te chwazi yo](#) te resevwa yon investisman inisyalyal 100,000 dola epi kounye a yo plonje nan yon pwogram sis mwa pou ede konpayi yo avèk biznis yo epi pou akselere komèsyalizasyon teknoloji yo a. Apre sa ekip yo pral fè konpetisyon nan Jounen Demonstrasyon an (Demo Day) ki se 27 Jen 2019 pou plis pase 2 milyon dola finansman konplemantè. Konpayi yo dwe pran angajman tou pou yo tabli operasyon nan Rochester pandan omwen 18 mwa.

Gayan premye tou Luminare NY la, [Double Helix Optics](#) ki baze nan Colorado, te resevwa gran pri a pou teknoloji Light Engineering li an. Modil nano-imagri SPINDLE 3D li a entegre fasilman ak mikwoskòp, kamera, ak lòt enstriman optik ki egziste deja yo pou fè imagri ak suivi an 3 dimansyon avèk trè gran rezolisyon aksesib ak bon mache. Sa ap vanse kapasite yo nan rechèch byolojik ak byomedikal ak dekouvé medikaman.

**Direktè Jeneral Luminare NY la, Sujatha Ramanujan te di,** “Luminare ofri finansman nan kòmansman, ekspètiz ak akonpayman jèn konpayi yo bezwen pou pote teknoloji ki fèk ap parèt yo sou mache a. Plis finansman ak disponibilite nan men Luminare pral sèlman ogmante kalib konpayi k ap vini yo nan Rochester pou fè vanse sa ki posib nan domèn optik, fotonik ak imagri”.

**Prezidan, Direktè Egzekitif Jeneral ak Komisè Empire State Development lan, Howard Zensky, te deklare,** “Twa lòt tou Luminare NY pral kontinye antreprenarya konpetisyon sa a ap mennen nan endistri fotonik la avèk ide inovatè, opòtinite travay ak edikasyon ki bon pou rejyon Finger Lakes la ak Eta New York”.

Luminare NY apiye sou Enstiti Ameriken pou Fabrikasyon Fotonik Entegre a (American Institute for Manufacturing Integrated Photonics, AIM Photonics) Depatman Defans Etazini an (U.S. Department of Defense) ap dirije a, ki gen kòm soutyen yon angajman 250 milyon dola nan men New York epi ki baze nan Rochester nan izin AIM dènye kri ki nan On Semiconductor nan Eastman Business Park. AIM Photonics, ke [Gouvènè Cuomo ak Vis-Prezidan Joe Biden te anonse pou premye fwa an Jiyè 2015](#), pral ede pi byen garanti pozisyon lidèchip rejyon Finger Lakes la ak nasyon an nan rechèch, devlopman, ak fabrikasyon teknoloji ki fèk ap parèt yo. Konsèy pou Devlopman Ekonomik Rejyonal Finger Lakes la (Finger Lakes Regional Economic Development Council) tabli tou [Fon pou Atraksyon Fotonik \(Photonics Attraction Fund\)](#) 30 milyon dola a, ki gen kòm objektif atire konpayi fotonik entegre yo pou yo vin mete operasyon fabrikasyon yo nan zòn metwopolitèn Rochester a.

**Prezidan Inivèsite Kominotè Monroe a (Monroe Community College), Anne Kress ak Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral Chanm Komès Rejyon Metwopolitèn Rochester a (Greater Rochester Chamber of Commerce), Bob Duffy, ki se de Koprezidan Konsèy Devlopman Ekonomik Rejyonal Finger Lakes la te di,** “Anpil Mèsi bay Gouvènè Cuomo poutèt li rekonèt valè eksepsyonèl konpetisyon OPI sa a pou avni rejyon an. Akseleratè Luminare NY la ak Fon pou Atraksyon Fotonik la (Photonics Attraction Fund) ap travay pou pi byen tabli rejyon an kòm yon lidè mondyal nan endistri florisant pwodui ak sèvis a baz limyè yo nou kwè ki pral ede Finger Lakes vanse pandan plizyè ane”.

**Manm Kongrè Joseph D. Morelle te deklare,** “Finansman anplis sa a pou Luminare pral ede pi byen simante plas rejyon Finger Lakes la kòm lidè mondyal nan sektè optik, fotonik, ak imagri wot teknoloji a. Mwen remèsye Gouvènè Cuomo dèske li pa janm sispann investi nan teknoloji inovatè ki pral kreye nouvo djòb ki peye byen epi ranfòse ekonomi rejyonal nou an”.

**Senatè Joe Robach te deklare,** “Luminare NY ajoute nan repitasyon rejyon nou an kòm yon lidè nan optik, fotonik ak imagri depi premye konpetisyon li an nan lane 2018. Finansman Luminare NY bay la esansyèl pou konpayi k ap devlope li investi ladan yo

epi li ede favorize kwasans nan anplwa pou mendèv kalifye nou an. Kòm manm nan Konsèy pou Devlopman Ekonomik Rejyon Finger Lakes la, mwen fyè wè yo fè investisman sa a nan yon sektè kritik ekonomi lokal nou an”.

**Harry Bronson, ki se Manm Asanble, te deklare,** “Sa fè m plezi wè anons Gouvènè a fè a sou finansman Luminare New York Optics la. Pwogram inovatè sa a ofri finansman pou lespri antreprenarya ki nesèsè a pou pwojè kreyatif ki pral pote pwochen jenerasyon djòb la ak kwasans ekonomik pou eta nou an ak nasyon nou an. Mwen konnen pwochen tou finansman sa a pral pote bèl ide ki pral ede bati yon avni pi briyan pou fanmi nou yo”.

**Majistra Rochester a Lovely A. Warren te deklare,** “Pwogrè ekstrawòdinè ki ankou a nan Luminare NY demontre klèman sa jès desizyon Gouvènè Cuomo pou li mete yon enkatè antrepriz wot teknoloji nan Rochester epi li pozisyon rejyon nou an kòm kapital mondyal nan domèn fotonik ak optik. Luminare NY bay dirijan antrepriz yon platfòm pou pote ide inovan yo nan mache a, ki akselere kwasans ekonomi ki baze sou konesans Rochester an. Soutyen Gouvènè Cuomo ak Empire State Development pa janm sispans bay pwogram sa a se yon investisman toutbon nan vil nou an annantye, epi li pèmèt nou reyalize objektif nou pou kreye plis djòb, katye ki pi an sekirite ak pi dinamik, epitou pi bon opòtinite edikasyon pou rezidan nou yo”.

Pou plis enfòmasyon sou akseleratè Luminare NY la, klike [isit la](#).

### **Akselerasyon pwogram “Finger Lakes Forward”**

Anons jodi a vin konplete pwogram “Finger Lakes Forward”, ki se plan konplè rejyon an pou jenere kwasans ekonomik djanm ak devlopman kominotè. Eta a te investi deja plis pase 6.1 milya dola nan rejyon an depi ane 2012 la pou reyalize travay preparatwa pou plan – lè li investi nan endistri kle yo ki gen ladan yo fotonik, agrikilti ak pwodiksyon pwodwi alimantè, ansanm ak manifakti avanse. Jounen jodi a, chomaj la desann nan pi ba nivo li depi anvan Gwo Resesyon an; taks revni pèsonèl ak antrepriz yo bese; epi biznis yo ap chwazi zòn tankou Rochester, Batavia ak Canandaigua kòm destinasyon pou devlope epi investi.

Kounye a, rejyon an ap akselere ak pwogram “Finger Lakes Forward” la ak yon investisman 500 milyon dola Eta a te fè atravè Inisyativ Revitalizasyon Rejyon Nò Eta a, ke Gouvènè Cuomo te anonse an Desanm 2015 lan. Investisman 500 milyon dola eta a ap ensite biznis prive yo investi plis pase 2.5 milya dola – e plan rejyon an, jan li soumèt la gen pwojè pou plis pase 8,200 nouvo djòb. Gen plis enfòmasyon ki disponib [isit la](#).

###

W’ap jwenn lòt nouvèl ki disponib sou sitwèb [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Ekzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)